

Pwogram Sibvansyon Sektoryèl pou Biznis Massachusetts yo

Yon Apèsi sou pwogram nan:

Commonwealth eta Massachusetts mete yon 668 milyon dola an plis disponib pou sipòte Biznis yo nan kad de nouvo pwogram ak sa ki egziste deja. Massachusetts Growth Capital Corporation (MGCC) pral konsakre yon pati nan fon sa yo pou sektè ki te konnen plis difikilte ekonomik ak pèt revni akòz pandemi KOVID-19 la.

Yo te atribye fon sa yo nan kad bidjè fonksyonman Common Wealth la pou Egzèsis Fiskal (FY21) ak lwa CARES pou lane 2020 an.

Fon sa yo ki la pou ede biznis yo sible ti biznis ki te pi touche yo e ki bezwen yon èd finansye esepsonèl. Menm si gen anpil biznis ki touche akòz pandemi an, men yo tout pa gen menm bezwen. Pou garanti fon limite sa yo rive jwenn biznis ki te pi touche yo, ou **PA DWE APLIKE** si ou:

- pa prezante yon pèt fonksyonman ou fè akòz pandemi an
- si ou gen aksè pou jwenn lòt sous sekou
- ou te kapab kontinye fonksyone san gwo difikilte finansye
- ou gen ase rezèv ki disponib

Epi, gwo biznis ki pi byen pozisyon yo pou andire ralantisman ekonomik sa ak restriksyon KOVID-19 la pote yo pa ta dwe aplike.

Si gen anpil biznis ki aplike men ki pa gen gwo bezwen, sa ap retade pwosesis sibvansyon pou biznis ki te fès a de sikonstans estrawòdinè yo. Analiz aplikasyon pou yon biznis kip a gen bezwen vrèman esepsonèl ap retade èd yon biznis li menm ki riske fèmen pòt li.

Kiyès ki Dwe Aplike?

Yo priyore sektè nou pral site la yo:

Kategori priyorite

- Restoran, ba, sèvis k ap delivre manje ak kamyon manje ki kolekte epi remèt taks sou manje a.
- Enstitisyon lwazi osinon divètisman ki fèt anndan
 - i. Enstitisyon ki ofri divètisman anndan (egzanp, sinema, sal teyat, sal espektak atistik)
 - ii. Lwazi anndan (egzanp, akad, sant boling, biya, sal evazton, pak tranpolin, patinwa)

- iii. Sal espò anndan ki akeyi espektatè
- iv. Lòt kote ki ofri lwazi oswa divètisman nan sal
- Jimnaz oswa Sant pou fè Fitnès (bat fè)
 - i. Jimnaz, lèb atletis, klèb pou fè egzèsis, klèb pou mete w an sante
 - ii. Enstalasyon Espòtif(egzanp, klèb tenis, klèb rakèt bòl, patinwa oke, enstalasyon natasyon)
 - iii. Sant antrenman (egzanp, ayewobik, dans, yoga, karate, elatriye.)
 - iv. Lòt jimnaz oswa sant pou fè fitnès
- Sèvis Pèsonèl
 - i. Estidyo, babèchòp, elatriye.
 - ii. Famasi endepandan
- Konpayi k ap sipòte Evennman- prensipal sous revni (plis pase 50%) yo lye ak evènman an.
 - i. Estidyo foto, estidyo videyo, fleris, sèvis limouzin, konpayi ki òganize evennman, lokasyon pou evennman, atis, òganizasyon kongrè ak salon
- Detayan endepandan
 - i. Les entreprises ayant des sites de production de briques et de mortier qui perçoivent et remettent la taxe sur les ventes

Kategori ki pa priyoritè:

- Tout lòt tip biznis ki kalifye

Enstriksyon pou Soumèt Aplikasyon an:

Ou dwe ranpli aplikasyon w lan epi soumèt li ak pyès yo egzije nan seksyon "Dokiman nesèsè" epi voye l elektwonikman sou espas aplikasyon ki sou sit entènèt MGCC a. Yo p ap konsidere kopi papyè oswa kopi elektwonik ou soumèt yon lòt fason, tankou nan lapòs oswa elektwonikman. Epi, se sèl kandida dosye yo konplè, egzat epi lizib y ap konsidere.

Tanpri fòk aplikasyon w lan gen tout dokiman yo egzije yo avan dat limit pwogram pou yo konsidere yo. Tanpri konsilte lis konplè ki gen detay sou "dokiman nesèsè" yo pi ba a. Men ki bagay w manke ki souvan fè yo pa analize aplikasyon w lan:

- Sètifika Bon konduit w ap jwenn nan men Biwo Sekretè Massachusetts
- Ranpli Deklarasyon Revni Federal pou Biznis pou lane 2019 la
- Ranpli Deklarasyon Revni Federal Pèsonèl pou lane 2019 la pou chak pwopriyetè biznis ki gen 20% ou plis aksyon yo

Kalandriye:

31/12/2020 a 12h00 – Enskripsyon yo ap kòmanse.

15/01/2021 a 11h59 – Enskripsyon yo ap fini.

Pwosis pou bay Sibvansyon an:

Aprè peryòd pou resevwa aplikasyon yo fini, Massachusetts Growth Capital Corporation (MGCC) pral analize tout aplikasyon yo pou detèmine kiyès ki kalifye. MGCC pral bay sibvansyon e dekese lajan an fonksyon kritè kalifikasyon yo epi kategori priyorite yo.

Respekte Règleman ak Lwa pou Fon Federal yo:

Kandida yo dwe konfòme yo a tout lwa ki aplikab yo.

Tradiksyon Lang:

Enfòmasyon jeneral sou pwogram nan ap disponib byento nan lang sa yo: (Aplikasyon an rete an Anglè)

Arab

Gwajarati

Kreyòl Ayisyen

Kmè

Koreyen

Pòtigè

Chinwa Senplifye

Panyòl

Chinwa Tradisyonèl

Vyetnamyen

KI MOUN KI KALIFYE:

Avan ou kòmanse fè aplikasyon an, tanpri analize kritè kalifikasyon pwogram nan ki dekri pi ba a pou konnen si biznis ou an kalifye pou aplike pou sibvansyon an.

DETAY SOU PWOGRAM NAN

MONTAN FINANSMAN AN:

Biznis yo ka resevwa jiska \$ 75 000 men ki pa depase jiska 3 mwa depans fonksyonman, jan deklarasyon enpo sou revni federal 2019 la pwouve sa. Y ap konsidere montan sibvansyon an pou depans reyèl pou lane 2020 an pandan pandemi an. Yo kapab konsidere depans apati 10 Mas 2020, etandone yo pa depase 3 mwa depans fonksyonman jan deklarasyon revni federal 2019 la pwouve sa.

ITILIZASYON KI APWOUVE POU FINANSMAN

Pewòl ak avantaj sosyal anplwaye, enterè ipotekè, lwaye, sèvis piblik ak enterè sou lòt dèt.

- Pwopozisyon biznis yo fè sou itilizasyon fon yo jwenn nan kad aplikasyon an la sèman pou kouvri depans sa yo ki pote non depans kalifye dapre seksyon 601 Lwa sou Sekirite Sosyal, jan seksyon 5001 Lwa sou Ed, sekou ak sekirite ekonomik kont Kowonaviris la. L. No. 116-136, div. A, Atik V (27 mars 2020) ("seksyon 601").
- Biznis yo pa pral itilize fon yo jwenn nan kad aplikasyon sa pou depans kote gen lòt sous finansman federal oswa Leta kit e oswa ki pral kouvri yo, pami yo, men san limite a sa, prè Pwogram pwoteksyon Salè a, prè pou viktim katastwòf ekonomik, sibvansyon global pou devlopman kominotè oswa tout lòt sous èd federal oswa Leta.
- Biznis yo gen pou yo rasanble epi konsève kantite dokiman sifizan pou demontre depans ki dekri nan aplikasyon sa a te fèt nan limit sa ki kalifye e etabli pou Pwogram sibvansyon ijans sektoryèl la. Nan lis dokiman yo dwe genyen, san li pa limite a sa yo, resi, fakti, fich kòmman, kontra, nòt sèvis kontanporen oswa tout dokiman ki enpòtan. Yo dwe konsève dokiman sa yo nan yon fòm moun ka aksede e konsilte fasilman, sou kontwòl komèsyal epi nan respè bon pratik konsèvasyon dokiman. Y ap konsève dokiman sa yo nan respè lwa federal, etatik ak minisipal ki aplikab pou kapab apiye odit entèn ak estèn ki ka fèt sou obligasyon ak depans sa yo. Kòm prensipal benefisyè pwogram èd sektoryèl sa a, Commonwealth la rezève tèt li dwa pou li mande ansanm dokiman sa yo ak lòt prèv odit nan yon dat ki pa fikse.
- Enstitisyon k ap bay sibvansyon an rezève tèt li dwa pou egzije biznis yo pou yo rann kont sou depans yo fè epi/oswa rezilta yo jwenn sou yon fòm enstitisyon sa ap preskri.

ITILIZASYON KI PA APWOUVE POU FON AN:

Achte gwo ekipman, achte byen imobilye, aktivite konstriksyon, agrandisman biznis lan, fè lòbi. An plis de sa, benefisyè yo dwe anpeche èd yo double, sa vle di fon sa y opa dwe itilize pou kouvri depans si gen yon lòt sous èd finansye ki ap peye pou menm depans sa yo.

**Si yon moun posede plizyè biznis epi li soumèt yon aplikasyon pou chak biznis li yo, MGCC ka rezève tèt li dwa pou limite èd yon pwopriyetè biznis ka jwenn.*

***Si biznis ou an te aplike epi resevwa yon sibvansyon nan kad pwogram sibvansyon MGCC te egzekite deja yo, kin an menm kote biznis lan ye a pa kapab enskri nan pwogram sa a.*

KRITÈ KALIFIKASYON

- Biznis yo dwe gen yon kay kote yo etabli yo nan eta Massachusetts e li dwe baze nan Massachusetts.
- Li dwe yon biznis ki la pou fè lajan(biznis endividyèl, biznis kolektif, biznis ki gen aksyonè, koperativ)
- Biznis yo dwe kapab pwouve yo fè pèt revni ki egal oswa pi plis pase èd yo mande akòz pandemi KOVID-19 la.
- Biznis lan dwe ap fonksyone aktyèlman oswa, dwe gen entansyon pou li relouvri.
- Biznis lan dwe te kreye avan 06/30/2019.
- Biznis lan dwe an règ ak Leta epi vil la:
 - (1) Biznis lan dwe ajou konsènan tout taks li dwe yo jiska 3/1/2020; epi
 - (2) Genyen lisans/anrejistremant eta a ki aktif e valid, si nesèsè; epi
- Biznis ki pa Kalifye yo:
 - (1) Biznis k ap lwe/vann byen imobilye;
 - (2) Biznis kote pwopriyetè yo gen mwens pase 18 lane;
 - (3) Biznis ki se de chenn (chenn defini kòm biznis kote syèj sosyal li pa nan Massachusetts epi ki gen plizyè sit);
 - (4) Franchiz yo;

- (5) Magazen ki vann kleren;
- (6) Lòbiyis;
- (7) Biznis k ap vann pwodui ki fèt ak mariwana ; oswa
- (8) Òganizasyon ki pa la pou fè lajan

LIS DOKIMAN KI NESESE

TANPRI SONJE-SI OU PA RIVE BAY DOKIMAN SA YO NAN DAT LIMIT PWOGRAM NAN, YO KA PA KONSIDERE APLIKASYON W LAN NAN ANALIZ DOSYE YO:

- Yon kopi konplè (tout anèks) deklarasyon enpo federal sou revni biznis pou lane 2019 jan nou te soumèt li bay IRS la
- Yon kopi konplè (tout anèks) deklarasyon enpo federal sou revni biznis pou lane 2019 jan nou te soumèt li bay IRS la pou chak pwopriyete ki gen 20% aksyon oswa plis
- Yon kopi pèmi pou Fonksyone/Pèmi Biznis/Sètifikasyon Pwofesyonèl, si li aplikab
- Fòmilè IRS W-9 ranpli epi siyen pou biznis ou an
- Si biznis ou sa se yon koperativ(LLC), Patenarya oswa Kòporasyon:
 - i. Yon kopi sètifika bon konduit w ap jwenn nan men Biwo Sekretè Deta Massachusetts. Si ou bezwen mande yon sètifika bon konduit, klike isit la:
<https://corp.sec.state.ma.us/CorpWeb/Certificates/CertificateOrderForm.aspx>.
 - Tout gwoup òganize nan lòt Eta k ap fonksyone nan Massachusetts dwe anrejistre epi mete yo an règ ak eta Massachusetts.
 - *Tanpri sonje:* Yon sètifika bon konduit ou resevwa nan men Depatman Revni Massachusetts pa nesesè e yo p ap asepte li pou ranplase sètifika bon kondwit sekretè Deta Massachusetts ap ba w la.
- Si se yon Biznis endividyèl ou genyen:
 - i. Yon kopi sètifika biznis lan (DBA) ki soti nan meri vil kote biznis la nap fonksyone a

(Bouton) APLIKE POU PWOGRAM ÈD SEKTORYÈL LA